

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan nu dipedar di bab IV bisa dicindekkeun saperti di handap.

- 1) Kamampuh maham carita wayang siswa kelas XII IPA 1 SMA YAS Bandung taun ajaran 2018-2019, saméméh ngagunakeun model pangajaran Demonstrasi nyaéta 1 urang siswa (3%) nu meunang peunteun  $> 75$  kalawan katégori tuntas sedengkeun 29 urang siswa (97%) nu meunang peunteun  $< 76$  kalawan katégori can tuntas.
- 2) Kamampuh maham carita wayang siswa kelas XII IPA 1 SMA YAS Bandung taun ajaran 2018-2019, sabada ngagunakeun model pangajaran Demonstrasi nyaéta 20 urang siswa (83%) nu meunang peunteun  $> 75$  kalawan katégori tuntas sedengkeun 10 urang siswa (17%) nu meunang peunteun  $< 75$  kalawan katégori can tuntas.
- 3) Aya béda nu signifikan antara kamampuh maham carita wayang siswa kelas XII IPA 1 SMA YAS Bandung taun ajar 2018-2019 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun model pangajaran Demonstrasi. Ieu hal dibuktikeun dina uji hipotésis kalawan hasil ngitung statistik ngahasilkeun peunteun  $-14,848$  jeung signifikansi (Sig. 2-tailed)  $0,000$ . Ku sabab peunteun signifikan (Sig. 2-tailed) nyaéta  $0,000 < 0,05$ . Ku kituna,  $H_1$  ditarima atawa  $H_0$  ditolak. Hartina aya béda nu signifikan antara kamampuh maham carita wayang saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran Demonstrasi. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén modél pangajaran Demonstrasi bisa ngaronjatkeun kamampuh maham carita wayang siswa kelas XII IPA 1 SMA YAS Bandung taun ajar 2018-2019.

Dumasar kana hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén model pangajaran Demonstrasi bisa ngaronjatkeun kamampuh maham carita wayang.

## 5.2 Saran

Dumasar kana panalungtikan nu geus dilaksanakeun, aya sababaraha saran, nyaéta:

- 1) Modél Pangajaran Démonstrasi éféktif ngaronjatkeun kamampuh maham carita wayang siswa kelas XII IPA 1 SMA YAS Bandung taun ajar 2018-2019 nu bisa dipaké alternatif guru pikeun pangajaran carita wayang.
- 2) Sangkan leuwih ngabuktikeun kaéfektifan ieu model perlu diayakeun deui panalungtikan séjén dina pangajaran nu béda.
- 3) Pikeun panalungtik kudu leuwih sayaga dina ngararancang modél pangajaran démonstrasi.